




**DEKLARASYON POLITIK LAN TRAVAY SAN DWÒG – Nan tout eta a**

<b>DHR-STW-Politik: DHR-STW-101.1</b>	<b>Otorite: Ak Espas Travay San Dwòg (Drug-Free Workplace Act) de 1988; 16 Del. C. c. 47; MR 12</b>
<b>Dat Efektif: 18 Novanm 2022</b>	<b>Dat Revizyon: 28 me, 2024</b>
<b>Ranplase: Deklarasyon Règleman Espas Travay San Dwòg Eta Delaware (State of Delaware Drug-Free Workplace Policy Statement) 5/2006</b>	<b>Siyati:</b> 
<b>Aplikasyon: Ajans Branch Egzekitif</b>	

### 1. Deklarasyon Objektif Règleman

Eta Delaware (Eta), kòm patron, pran angajman poul bay you espas travay san dwòg e ankouraje sante ak byennèt amplwaye li yo. Defisit koyitif, emosyonèl ak konpòtmantal ki rezilte de itilizasyon dwòg ka afekte pwodikтивite, moral, ak sekirite emplwaye a ak lòt moun kap travay avèk li. Kòm yon pati angajman Eta a pou bay yon anviwònman sekirize pou anplwaye yo epi pou konfòme ak Ak Espas Travay San Dwòg (Ak) [Drug-Free Workplace Act (Act)] 1988 la, Ak Espas Travay San Dwòg la te etabli. Ak la mande moun ki resevwa sibvansyon federal yo pou kenbe youn espas travay san dwòg ak kondisyon espesifik.

### 2. Dimansyon

Règleman sa a aplike pou tout anplwaye yo, epi règleman sa a gen ladann estajyè ki pa touche, anplwaye an komen, ak apranti Ajans ki se moun gouvènman federal la sibvansyone. Kondwit ke règleman sa a entèdi pa akseptab nan espas travay la e lan nenpòt ki lòt espas ki gen rapò ak travay la, tankou vwayaj biznis, reyinyon biznis, ak evènman sosyal ki gen rapò ak biznis.

Ajans Branch Egzekitif yo ka pibliye règleman siplemantè, règleman san dwòg ki pi restriktif jan sa nesèsè pou konfòme ak lwa federal oswa deta.

### 3. Definisyon ak Akwonim

- **Sibstans Kontwole** – vle di yon dwòg, sibstans, oswa prekiès imedya nan Schedules I jiska V nan seksyon 202 Ak sou Sibstans Kontwole (21 U.S.C. 812).
- **Kondanasyon** –Yon konklizyon koupab (ki gen ladann yon moun ki plede koupab oswa nolo contendere), oswa enpozisyon yon santans, oswa tou de, pa nenpòt ko jidisyè desiyen ak responsabilite pou detèmine vyolasyon lwa penal federal oswa deta sou dwòg yo.
- **Lwa Penal sou Dwòg** – yon lwa penal ki enplike fabrikasyon, distribisyon, dispansasyon, itilizasyon, oswa posesyon nenpòt sibstans kontwole.
- **Delivre oswa Livrezon** – vle di transfè aktyèl, konstriktif, oswa tantativ transfè yon sibstans kontwole de yon moun a on lòt, menm si pa gen relasyon ajans ladan.
- **Dispansè** – vle di dispansè yon sibstans kontwole bay yon itilizatè final oswa yon sijè rechèch dapre oswa konfòmeman a yon lòd legal yon pwofesyonèl, sa gen ladan preskripsyon pou yon objektif medical lejitim de yon pwofesyonèl endividyèl nan egzèsis

fonksyon pwofesyon li, administrasyon, anbalaj, etikèt, oswa konpozisyon l nesèsè pou prepare sibstans lan pou livrezon sa a.

- **Distribisyon** – vle di bay san ou pa administre oswa distribye yon sibstans kontwole.
- **Posesyon** –anplis de siyifikasyon òdinè li, li gen ladan kote nan oswa sou moun nan, lokal, afè, machin, oswa sou kontwòl resonab moun nan.
- **Espas Travay** – Kote anplwaye yo mennen biznis ofisyèl leta a pandan lè yo pwograme travay yo. Sa a ka gen ladan yon kote sou plas, yon lòt kote, oswa sa ka yon konbinezon tou lè de.

#### 4. Règleman

- a. Se règleman Eta a pou kenbe yon espas travay san dwòg.
- b. Fabrikasyon, distribisyon, dispansasyon, posesyon, oswa itilizasyon ilegal yon sibstans kontwole entèdi nan espas travay la.
- c. Kòm yon kondisyon travay, anplwaye yo dwe konfòme yo ak kondisyon ki nan règleman sa a epi ak nenpòt règleman ak pwosedi siplemantè san-dwòg ajans lan.
- d. Anplwaye yo ka konsilte ak plan asirans sante Eta yo oswa Pwogram Asistans Anplwaye Eta a pou aksè a konsèy sou dwòg, reyabilitasyon, ak lòt asistans pou abi sibstans.
- e. Si anplwaye yo kondane pou yon ofans dwòg kriminel ki fèt nan espas travay la, yo dwe rapòte kondanasyon sa a bay sipèvizè yo oswa reprezantan Resous Imèn yo pa pita pase 5 jou apre kondanasyon an.
- f. Eta a ka enpoze mezi disiplinè, ki ka rive jiska, epi enkli revokasyon.
- g. Eta a ka oblije patisipasyon satisfèzan nan yon pwogram apwouve pou abi sibstans oswa reyabilitasyon.
  - 1) Eta a pa anba okenn obligasyon pou l peye pou pwogram sila a, men pri pwogram nan ka kouvri pa kontra asirans sante yon anplwaye.
- h. Depi yo resevwa avi sou kondanasyon kriminel yon anplwaye, jesyonè ajans lan dwe kòmanse aksyon ki apwopriye an akò ak règleman sa a san pedi tan, règleman ajans siplemantè sou zafè sa a, akò negosyasyon kolektif yo, ak lòt règleman aplikab ak regilasyon yo.
- i. Yo pral evalye responsablite pou vyolasyon règleman sa a an akò ak estanda Merit ak/oswa negosyasyon kolektif yo.
- j. Pa gen anyen nan règleman sa a kap anpeche Eta a pran an menm tan ak/oswa aksyon endepandan pèsonèl kont anplwaye a dapre nenpòt lwa, règ ak regilasyon deta ki aplikab.
- k. Eta a dwe fè yon efò de bònfwà pou kontinye kenbe yon espas travay san dwòg atravè aplikasyon règleman sa a epi asire ke tout nouvo anplwaye yo o kouran règleman an atravè mezi ki tabli anba seksyon Difizyon ak Fòmasyon.

#### 5. Pwosedi

- a. **Responsabilite Anplwaye:**
  - 1) Anplwaye yo dwe konfime resepsyon règleman sa a nan delè ki mande a.
  - 2) Anplwaye yo dwe konfòme yo ak règleman sa a.
  - 3) Anplwaye yo dwe notifiye sipèvizè imedyata oswa reprezantan HR la de kondanasyon lwa penal sou dwòg alekri imedyatman, men pa pi ta pase senk (5) jou apre kondanasyon sila. Apèl yon anplwaye fè sou yon kondanasyon pa afekte obligasyon pou rapòte kondanasyon an.

**b. Responsabilite Ajans:**

- 1) Nan 30 jou apre li resevwa notis de nepot anplwaye ki kondane jan li dekri nan règleman sa a, Eta a pral:
  - i. Pran aksyon pesonèl apwopriye kont anplwaye sa, jiska epi enkli revokasyon; epi ka
  - ii. Oblije anplwaye sa a patisipe yon fason satisfèzan nan yon Pwogram Asistans Abi Dwòg oswa Reyabilitasyon apwouve pou bezwen sa yo pa yon ajans federal, deta, sante lokal, lapo lis, oswa lòt ki apwopriye.
- 2) Ajans yo dwe chèche direktiv de Divizyon Relasyon Anplwaye ak Travay (Division of Employee and Labor Relations) ak/oswa Deputy Attorney General (DAG) ajans lan anavan yo adrese vyolasyon règleman yo.

**6. Eksklizyon oswa Eksepsyon**

- Règleman sa a bay estanda minimòm epi ajans yo ka enpoze estanda pi strik jan sa nesesè pou konfòme ak lwa ak regilasyon deta e federal ki aplike pou pozisyon ajans pa yo a.

**7. Distribisyon Ak Fòmasyon**

- Ajans yo dwe poste yon kopi règleman sa a nan yon kote annevidans oswa plizyè kote nan lespas travay la, gen ladann tou bay lyen sou sit entènèt apwopriye yo.
- Yo dwe distribye règleman sa a bay anplwaye ki fèk anboche pa Delaware Learning Center oswa reprezantan HR yo ak yon delè 30 jou pou konfime.

**8. Eksklizyon oswa Eksepsyon**

- Okenn.

**9. Distribisyon ak Fòmasyon**

- Anplwaye yo dwe li ak konfime resepsyon règleman sa nan Delaware Learning Center a, oswa si pa aplikab pa lòt mwayen, nan delè edike a.
- Biwo HR Ajans lan ka bay yon revizyon de règleman ak pwosedi bay anplwaye aktyèl yo.
- Dirijan Ajans DHR pral revwa règleman ak nenpòt moun liste nan Section 2 règleman sa a. Dismansyon ki pa resevwa mesaj DLC yo.

**10. Rapò Done**

- Okenn.

**11. Règleman/Regilasyon/Enfòmasyon Asosye**

- [Evalyasyon Kapasite pou Fonksyon \(Fitness for Duty Examination\)](#)
- [Règleman ak Pwosedi sou Estanda Kondwit \(Standards of Conduct Policy and Procedures\)](#)
- [CompsychResources](#)

**12. Apendis ak Fòm Asosye ak Règleman sa a**

- [Deklarasyon Konfimasyon Règleman San-Dwòg \(Drug-Free Policy Statement Acknowledgment\)](#) (Sèlman pou moun ki pa anplwaye DLC)

**13. Pwopriyetè politik**

- Non Divizyon: Divizyon Jesyon Talan
- Pwopriyetè politik: Administratè Angajman Anplwaye
- Sitwèb: [DHR - Employee Engagement \(delaware.gov\)](#)

*Règleman sa a pa fèt pou kreye okenn dwa endividyèl oswa kòz aksyon ki pa deja egziste epi ki pa rekonèt dapre lwa Leta oswa Federal. Si gen yon konfli ak, sa vle di, lwa a oswa regilasyon ak règleman sa a, lwa a ak/oswa regilasyon yo gouvène.*